



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 26/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ÒDONE PAK LETA NEW YORK YO POU YO OFRI ORÈ TRAVAY ALONJE NAN ETABLISMAN KI GEN PISIN YO PANDAN VAG CHALÈ A

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke li te òdone Biwo Leta pou Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik yo, pou yo elaji orè travay nan etablisman leta ki gen pisin yo ak nan lòt pak leta yo pandan vag chalè aktyèl la, pou ka ede Nouyòkè yo simonte pwoblèm chalè a. Orè travay alonje yo pral kòmanse apati de jodi a epi kontinye tout Jedi 28 Jiyè.

“Bèl plaj, pisin, ak lòt etablisman yo ki nan sistèm pak New York yo se pi bon fason pou simonte pwoblèm chalè a nan jou sezon ete sa yo ki ekstrèmman cho,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak tanperati k’ap monte plis pase 90 degre semèn sa a, mwen te òdone pak yo pou alonje orè travay yo epi bay plis Nouyòkè chans pou ka rafrechi tèt yo kont vag chalè sa.”

Rose Harvey, ki se Komisè Pak Leta yo, te deklare, “Pa gen pi bon kote pou ou ale nan jou cho sezon ete yo ke nan yonn nan gwo pak leta yo. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Cuomo ap ofri plis opòtinite pou fanmi yo nan New York kapab rafrechi tèt yo pandan vag chalè sa.”

Etablisman ki gen pisin nan Pak Leta nou pral site la yo pral ouvè pandan orè alonje:

- **Long Island:** Plaj bò lanmè nan Jones Beach, Robert Moses, Sunken Meadow ak Pak Leta Hither Hills, ak pisin nan Jones Beach, pral rete ouvè jiska 8:15 PM.
- **Vil New York:** Yo pral ajoute awozwa nan Pak Leta Gantry Plaza ki nan Queens ak Pak Leta East River ki nan Brooklyn.
- **Mid-Hudson:** Kòmanse apati Madi, plaj pou naje yo nan Lak Taghkanic and Pak Leta Fahnestock pral rete ouvè jiska 7:00 PM. Pisin nan Pak Leta FDR pral rete ouvè jiska 6:30 PM.
- **Rejyon Kapital:** Pisin Victoria nan Pak Leta Saratoga Spa, pisin nan Pak Leta Minekill, ak plaj yo nan Lak Thompson lan, Lak Moreau, ak Pak Leta Grafton Lakes pral rete ouvè jiska 8:00 PM.
- **Rejyon Nò Peyi a:** Tout plaj yo nan Thousand Islands pral rete ouvè jiska 8:00 PM, gen pami yo tou plaj pou naje nan Westcott Beach, Southwick Beach, Pt. au Roche, ak Robert Moses, ansanm ak pisin nan Keewaydin.

• **Mohawk Valley/New York Santral:** Plaj pou naje nan Green Lakes, Delta Lake ak nan Pak Leta Sandy Island Beach pral ouvè jiska 8:00 PM.

• **Finger Lakes:** Plaj pou naje nan Hamlin Beach ak nan Pak Leta Darien Lakes pral ouvè jiska 8:00 PM kòmanse apati Madi, epi pisin North Pool nan Pak Leta Letchworth pral ouvè jiska 7:00 PM.

• **Rejyon Lwès New York:** Kòmanse apati Madi, etablisman ki gen pisin yo nan Beaver Island ak nan Fort Niagara pral ret ouvè jiska 8:00 PM, epi plaj Red House ak plaj Quaker Area nan Pak Leta Allegany pral ouvè jiska 7:45 PM.

Aktivite lanaj yo kapab afekte akòz kondisyon metewo ki danjere oubyen dlo ki ap chanje toutan yo. Tanpri vizite sitwèb Pak Leta yo, sou www.nysparks.com oubyen rele pak lan dirèkteman pou ka konfime diisponibilite.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418